Ózbekstan Respublikası
Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi

Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı

Xojabay KUNIYAZOV, Ábdiqadir QAYİPOV

# SAMBO GÚRESINIŃ RAWAJLANİWİNDA SHOMANAYLİ PALWANLARDİŃ TUTQAN ORNİ

Nókis-2020

X.KUNIYAZOV, Á.QAYİPOV:
SAMBO GÚRESINIŃ
RAWAJLANİWINDA SHOMANAYLİ
PALWANLARDİŃ TUTQAN ORNİ:
Nókis: 2020-jıl, 24 bet.

Kitapshada sambo gúresiniń rawajlanıw jolı, Shomanay rayonında samboniń qáliplesiwi hám rawajlanıwına salmaqlı úles qosqan qánigeler menen jetekshi sportshılar, sonday-aq, rayon xalqınıń názerine túsken palwanları haqqında keń túrde mağlıwmat berilgen. Kitap gúres túrleri trenerleri, joqarı hám orta arnawlı oqıw orınları menen ulıwma bilim beriw mektepleriniń dene tárbiyası muğallimleri, Dene mádeniyatı fakultetiniń studentleri hám magistrantları, sport tariyxı menen qızığıwshılar ushın qosımsha oqıw-metodikalıq qollanba sıpatında paydalanıwğa usınılmaqta.

Pikir bildiriwshiler:

Atabay EREJEPOV,
Ájiniyaz atındağı NMPI,
fakultetler aralıq dene tárbiyası
kafedrasınıń baslığı.

Kóbeysin ERNAZAROV,
Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan
Jazıwshılar awqamınıń ağzası.

Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı Ilimiy oqıw-metodikalıq keńesi májilisiniń
(2020-jıl 27-yanvar kúngi 4-sanlı bayanlama)
qararı menen baspağa usınıs etilgen.

NÓKIS
2020

# SAMBO GÚRESINIŃ RAWAJLANİWİNDA SHOMANAYLİ PALWANLARDİŃ TUTQAN ORNİ

**“HÁR BIR MÁMLEKETTIŃ KÚSH HÁM QÚDIRETIN BELGILEWSHI TIYKARĞİ FAKTOR - BUL FIZIKALİQ JAQTAN SALAMAT HÁM HÁR TÁREPLEME RAWAJLANĞAN ÁWLADDUR”**

**SH.M.MIRZIYOYEV**

## KIRISIW

Burınları oypattağı bes qala degende qaraqalpaqlardıń qonıs basqan jurtı túsiniletuğın edi. Sebebi biziń elimizge kiyatırğanlardıń biri «Aybúyir» tawı arqalı kelip oyğa qulasa, ekinshisi «Bórshitaw» arqalı tómen qulağan. Suwdıń oyğa qaray zımırawı da tábiyiy qubılıs. Jayhun menen Sayhun yağnıy Ámiwdárya menen Sırdáryanıń biziń diyarımızğa burqasınlap quldırawı aymağımızdıń «oypattağı bes qala», anığırağı, «Turan» oypatlığı dep atalıwına sebepshi bolğan. Keyin ala xalıq sanınıń kóbeyiwi nátiyjesinde sol tiykarğı bes qala aralıqlarınan qala hám rayonlar qád kótere basladı. Shomanay rayonı bes qalanıń biri Qońırat, ekinshisi Xojeli qalalarınıń ortalığında Mamıydıń dalasınan ótken ásirdiń eliwinshi jılları qád kóterdi. Jańa shólkemlestirilgen rayonda xalıq xojalığınıń barlıq tarawların maman kadrlar menen támiynlew maqsetinde Respublikamızdıń basqa rayon hám qalalarınan, sonday-aq, qońsılas Respublikalardan kelip kóplegen qánigeler Shomanay diyarına qonıs bastı. Nátiyjede, Shomanay rayonı óziniń jámiyetlik

iskerleri, jazıwshı-shayırları, baqsı-jırawları, palwanları, at seyisleri hám jetekshi qánigeleri menen dańq kótergen diyarlardıń birine aylanıp, usı diyarda tárbiyalanıp shıqqan qánigeler basqa rayon menen qalalarğa, Respublika orayına taray basladı.

Dana xalqımızdıń «toy dese qos bas jumalaydı» degen ibarası da qurı aytılmağan. Ol toyğa xabar aytıldı ma, aytılmadı ma, oğan qaramastan xalıq qay jerde toy bolsa tamashalaw ushın ığısa bergen. Ol dáwirlerde kúni boyı toylardıń gúres, qoraz urıstırıw, qoshqar dúgis, qabaq atıw sıyaqlı tamashaları ótkerilse, keshke qaray at shabıs penen ılaq oyın háwij alğan. Al kúnniń batıwı menen qurğa tomarlar qalanıp, xalıq tańğa shekem baqsı-jırawlardı tıńlağan.

Sóz rayonda sambo gúresiniń qáliplesiwi hám rawajlanıwı haqqında keter eken, milliy gúres boyınsha Jáhán chempionı, erkin gúres hám sambo gúresiniń sheberi, mańğıtlı ustaz palwan Shamurat Masharipovtıń: «Sońğı waqıtları sambo gúresin rus xalqınıń milliy sportı, bul sport túriniń watanı - Rossiya,-degen sózler kóbirek qulaqqa shalınbaqta. Biziń xalqımız aldın patsha Rossiyasınıń quramında, keyin ala burınğı awqam quramında bolıp, babalarımız rus xalqı menen qw0 jılğa shamalas waqıt ashshı-dushshısın birge tatıstı, ashlığın da, toqlığın da birge iyinlesti. Sol mámleket basına qáwip dóngende atalarımız sawash maydanlarında jamğırday borağan qorğasın astında birgelikte qan keshti, janların jabbarğa berdi.

Sambo gúresiniń qáliplesiwi, rawajlanıwı, xalıq aralıq sport túri sıpatında tán alınıwı dáwirinde bul sport túriniń watanı bolğan burınğı Awqam quramında házirgi 15 mámleket, sonıń ishinde, biyğárez Ózbekstanımız, sonday-aq, dáslebinde wálayat, sońın ala Avtonomiyalıq wálayat, Avtonomiyalıq Respublika sıpatında Qaraqalpaqstan Respublikasınıń da bar ekenin heshkim biykarlay almasa kerek.

Qala berdi, sambo gúresi qağıydasına sol waqıttağı Awqam quramındağı barlıq xalıqtıń, sonıń ishinde, biziń milliy gúresimizdiń, derlik, barlıq usılları qabıl etilgen. Sonlıqtan da, sambo haqqında túsinigi joq toy palwanlarınıń azğana mashqıdan keyin sambodan joqarı nátiyjelerdi qolğa kirgizgenleriniń talay márte gúwası bolğanımız bar.

Usı jağdaylardıń barlığın esapqa alatuğın bolsaq, sambo gúresin «tek rus xalqınıń milliy sportı, watanı - Rossiya»,-degen sózler házirgi jaslarğa ersi tuyılmağanı menen, burınğı Awqam dáwirinde bellesken samboshılardıń qulağına ersi shalınıwı tábiyiy hal. Sebebi, olardıń «sambo - biziń de gúresimiz», dep maqtanısh etiwine tolıq haqısı bar.» - degen pikiri eriksiz ózine tartadı. Haqıyqattan da, sambo gúresiniń qáliplesiw dáwirinde kópshilik toy palwanları sambo gúresinen joqarı nátiyjelerdi qolğa kirgizdi. Sonıń ishinde shomanaylı palwanlardıń bolıwı bizde maqtanısh sezimin oyatadı.

Sambo gúresi Respublikamızda ótken ásirdiń alpısınshı jılları hıqıyqıy túrde óz kórinisin taba baslağan bolsa, Shomanay rayonına sambo

gúresiniń kirip keliwi jetpisinshi jıllarğa tuwra keledi. Aldın toy palwanı bolıp keyin joqarı oqıw ornına oqıwğa túskennen keyin sambo gúresi menen shuğıllanğan Saparqılısh Arazmedov, Baxıt Qutlımuratov, Teńelbay Smetullaev hám Polat Tájimuratovlardıń rayonğa sport qánigeleri bolıp keliwinen baslandı. Haqıyqatın aytqanda, sol kúnlerge shekem Shomanay rayonınıń xalqı sambo gúresi haqqında esitkeni menen, ol haqqında túsinikke iye emes te edi. Sonday-aq, Shomanay rayonında kindik qanı tamıp, dáslepki sport kónlipeleri rayonda qáliplesken, keyin Qanlıkól rayonına kóship barğan Nazarbay Atabaevtıń sambo gúresi boyınsha respublikamızdıń jetekshi sportshılarınıń biri bolıp jetilisiwi de keleshek jaslarda sambo gúresine degen qızığıwshılıqtı asıra tústi.

Ustaz palwan Jiyenbay Qaljanovtıń 69 jasında milliy gúres boyınsha Jáhán chempionı bolıwı, 80



jastı alqımlağan waqtında sambo gúresi boyınsha Ózbekstan chempionı bolıwı da joqarıdağı ustaz palwan Sh.Masharipovtıń pikirlerine tiyek boları anıq.

Salmağı 150 kilogramm shamasındağı, batpaqta tayıp, jolda keselep qalğan úsh dóńgelekli traktordıń aldınan kóterip jolğa salıp jibere beretuğın Ğani palwan Esbergenov rayonda gúres túrleriniń rawajlanıwına óziniń salmaqlı úlesin qosqan qánigelerdiń biri. Ol Respublikamızdıń gúres túrleri boyınsha birinshi sport ustalarınıń biri, palwanlıq tarawda tek ğana Respublikamızda emes, al pútkil Awqam quramında dańq kótergen Satıpaldı Mıltıqbaevtı, bir qatar qaraqalpaqstan birinshilikleriniń jeńimpazı hám sıylı orın iyesi Álibek Ómirbekovtı, qurğa shıqsa jerge kómip, tamırlasıp ketken baqanday anaw-mınaw adam ornınan dárpendire almaytuğın Qarlıbay palwan Qoshqarov hám basqa da bir qatar toy palwanların tárbiyalap shığardı. Sol dáwirlerde joqarıda atap ótkenimizdey Shomanay rayonın kadr menen támiynlew maqsetinde Moynaqtan kóship kelgen belgili qaraqalpaq shayırlarınıń biri Ayapbergen Muwsaevtıń genjetayı Qaypan Ayapbergenov, Túrkmenstannıń Góne Úrgenish qalasınan kelip, Shomanay diyarına qonıs basqan Saparqılısh Arazmedov, Jiyenbay Qaljanov, Berdiraxman Reymov, Jollıbay Mamutov, Teńelbay Smetullaev, Baxıt Qutlımuratovlar toy palwanı sıpatında rayonnıń abırayın ılayıq qorğap keldi.

Olardıń izin ala Baxıt Ótemuratov, Jiyenbay Matjanov, Bazarbay hám Keńesbay Qaljanovlar, Toylı Qıdırov, Hamra Allaniyazov, Nurlıbay Tóremuratov, Aybek Abdixalikov hám basqa da bir qatar rayonnıń jetekshi palwanları televiziyalıq turnir

hám Respublika birinshiliklerinde gúres túrleri boyınsha Shomanay rayonınıń sport tarawındağı jetiskenliklerin dawam ettirdi.

Qaypan Ayapbergenov Moynaqtan, Saparqılısh Arazmedov Túrkmenstannan kóship kelip, rayonnıń sport tarawınıń rawajlanıwına úles qossa, Shomanay diyarında tárbiyalanıp Respublika sportınıń rawajlanıwına salmaqlı úles qosqan Satıpaldı Mıltıqbaev, Qanlıkól rayonınıń sport tarawınıń rawajlanıwında bas-qas bolğan, sambo gúresi boyınsha Jáhán chempionatınıń sıylı orın iyesi Nazarbay Atabaev sıyaqlı kadrlar ósip jetilisti.

## SAMBO GÚRESINIŃ RAWAJLANİW TARIYXİ

Eń birinshi gúres qağıydası biziń eramızğa shekemgi toğızınshı-jetinshi ásirlerde áyyemgi Greciyada Afin Tezeem tárepinen islep shığılğan hám gúres penen shuğıllanıw makrocikli menen mikrociklleri islep shığılğan.

Derlik, barlıq xalıqtıń gúres túrleri de jawgershilikten qorğanıw, urıs waqtında óz áskerleriniń qarsılaslarınan fizikalıq jaqtan ústem, shaqqan hám epshil bolıw zárúrliginen payda bolğan. Sonlıqtan da, hár xalıq ózleriniń milliy gúres túrlerin rawajlandırıp, shınığıw alıp barıw metodikaların jetilistirip, rawajlandırıp barğan.

Sambo gúresiniń de kelip shığıwınıń belgili dárejede obiektiv hám subiektiv sebepleri bar. Birinshi jer júzlik urıstan soń áskerler ushın, sonday-aq, huqıq qorğaw uyımlarınıń xızmetkerlerine huqıqbuzarlıqqa hám sırtqı dushpanlarğa qarsı

gúresiwde qural-jaraqsız ózin qorğaw usılların úyretiw zárúrligi payda boldı. Bul sport túri «Erkin usıldağı gúres» ataması menen V.S.Spiridonov tárepinen 1923-jılı qolğa alınğan bolsa, V.S.Oщерkov, I.Solonevich, N.Oznobishin, V.N.Koronovskiy, M.A.Yakovlev, A.A.Xarlampiev hám I.V.Vasilevler tárepinen dawam ettirildi.

1947-jılı ótkerilgen pútkilawqamlıq konferenciyada «Erkin usıldağı gúres»tiń ataması «Sambo gúresi» bolıp ózgertildi. Bul sport túri sambo gúresi atamasın alğannan keyingi birinshi Awqam birinshiligi Moskva qalasında ótkerilip, 71 samboshı 7 salmaq kategoriyasında bellesiwler alıp bardı. 1952-jılğa shekem sambo gúresi boyınsha Awqam birinshilikleri turaqlı túrde hár jılı ótkerilip barıldı.

1961-jılı Xalıq aralıq Olimpiya komitetiniń sheshimi menen dzyudo gúresi 1964-jılı Yaponiyada ótkeriletuğın XVlll Olimpiada oyınları bağdarlamasına kiritildi. Awqamnıń Dene tárbiya hám sport boyınsha mámleketlik komiteti tárepinen 1961-jılı Sambo gúresi federaciyasınıń aldına Olimpiada oyınlarına dzyudo gúresi boyınsha komanda qatnastırıw tapsırmasın qoydı. 1964-jılı Yaponiyanıń Tokio qalasında ótkerilgen Olimpiada oyınlarına qatnastırılğan barlıq samboshılar dzyudo gúresinen altın hám gúmis medallardı qolğa kirgize almağanı menen, barlığı da qola medallardı jeńip aldı.

AQSHtıń Tolido qalasında 1966-jılı ótkerilgen FILAnıń xalıq aralıq kongresinde sambo gúresi xalıq aralıq sport túri sıpatında tán alındı hám sambodan xalıq aralıq jarıslardı ótkeriw wazıypası júklendi.

Sambo boyınsha birinshi xalıq aralıq turnir 1967-jılı Rigada, ekinshi xalıq aralıq turnir 1970-jılı Sochide, úshinshi xalıq aralıq turnir 1971-jılı Ózbekstannıń paytaxtı Tashkent qalasında ótkerildi. Sol jılı birinshi Evropa chempionatı ótkerilip, 8 mámleket wákilleri qatnastı. Sambo gúresi boyınsha birinshi Jáhán chempionatı 1973-jılı Irannıń Tegeran qalasında ótkerilip, jarısqa 11 mámleketten sportshılar qatnastı.

Úshinshi xalıq aralıq turnirdiń 1971-jılı Tashkentte ótkeriliwi Ózbekstanda da sambo gúresin keńnen rawajlandırıwğa hám en jaydırıwğa obiektiv sebep boldı.

Qaraqalpaqstan Respublikasında sambo gúresiniń qáliplesiwine Shorabek Mustafaev sebepshi boldı desek asıra aytqan bolmaymız. Sebebi, Sh.Mustafaev áskeriy xızmette júrip sambo gúresin tolıq meńgerip hám bir qatar tabıslardı qolğa kirgizgen edi. Qaraqalpaq mámleketlik pedagogikalıq institutınıń studenti bola turıp, sambo gúresi boyınsha shınığıwlardı alıp barıw cikllerin, jarıslardı ótkeriw qağıydaların oray qánigelerinen úyrenip, tájiriybe toplap qaytıwı Qaraqalpaqstanda sambo gúresiniń rawajlanıwına subiektiv jağday boldı.



1968-jılı «Buravestnik» dene tárbiya hám sport jámiyeti tárepinen Samarqand qalasında ótkerilgen Ózbekstan birinshiligine qatnasıw maqsetinde sambo boyınsha Qaraqalpaqstannıń tuńğısh komandası Qaraqallpaq mámleketlik pedagogikalıq institutınıń bazasında muwapıqlastırılıp, saylandı komanda menen shınığıwlardı alıp barıw student bolıwına qaramastan Sh.Mustafaevqa isenip tapsırıldı. Sol muwapıqlastırılğan komanda házirgi professor Perdebay Shılmanov basshılığında Samarqand qalasında ótkerilgen Ózbekstan birinshiligine qatnastırıldı. Bul komanda quramında Maqsetbay Niyazımbetov, Kóbeysin Toqsanbaev, Ábdirashid Ayzaqov, Muxan Qurbanbaev, Jumamurat Erejepov, Áwezmurat Atajanov hám Shorabek Mustafaevlar bar edi. Jarıs nátiyjesinde, Shorabek Mustafaev birinshilik chempionlığın qolğa kirgizse, Atajan Áwezmuratov penen Maqsetbay Niyazımbetov qola medal iyesine aylandı.

Respublikamızda huqıq qorğaw uyımlarına sambo gúresin endirip, «Dinamo» dene tárbiya hám sport jámiyetinde sambo boyınsha birinshi trener bolıp jumıs baslağan qánige Shomanay diyarında kindik qanı tamğan, sambo boyınsha burınğı Awqam sport ustası Nazarbay Atabaev bolıp tabıladı.

Al Shomanay rayonında sambo gúresiniń óz kórinisin tabıwı áskeriy xızmette sambo sırların úyrenip qaytqan Saparqılısh Arazmedov hám Qaraqalpaqstanda sambo gúresiniń tiykarın salıwshı Sh.Mustafaevtan tálim alğan hám studentlik dáwirinde Qaraqalpaqstan saylandı komandası

quramında bir qatar tabıslardı qolğa kirgizgen Baxıt Qutlımuratov, Teńelbay Smetullaev hám Polat Tájimuratovlardıń rayonğa sport qánigesi bolıp keliwinen baslandı.

## SHOMANAYLİ SAMBO SHEBERLERI
## 69 JASAR JÁHÁN CHEMPIONİ

2015-jılğı sambo gúresi boyınsha sport sheberleri arasındağı Ózbekstan chempionatı Nókis qalasında bolıp ótti. Jası seksendi alqımlağan shomanaylı Jiyenbay palwannıń bellesiwdegi shalt háreketleri, sıylıqlawğa shaqırğanda piedestalğa shekem gilemdi aylanıp juwırıp keliwi, altın medaldı moynına taqqanda jas baladay sekirip-sekirip quwanıwları chempionat tamashagóyleriniń barlığınıń dıqqatın ózine tartqan bolsa ájep emes. Onıń háreketlerinen jaslayınan awıl xojalığı jumıslarında qaynap-piskeni hám ğarrılığına qaramastan, ele de bilekleriniń miynette shınığıp atırğanınan derek berip turar edi. Jiyenbay Qaljanov 1935-jılı dúnyağa kelip, jaslayınan toylarda Dáwletalı, Oraz, Jantóre, Ğani, Jaqsıbay palwanlardıń gúreslerine háwes etip ósti hám awıllası Sháribay palwannan gúres sırların úyrenip, bala palwan sıpatında toylarda gúres tuta basladı. Salmağınıń jeńil bolğanı menen, shalt háreketi, qarsılasınıń salmağı hám kúshinen ózine qarsı paydalanıwı nátiyjesinde ózinen iri hám awır palwanlardı jığıp xalıqtıń itibarına iye bolıp, kimseń Jiyenbay palwan bolıp óte shıqtı. Ol bir neshe márte awıl xojalığı xızmetkeriniń spartakiadaları hám «Paxtakor» dene tárbiya hám sport jámiyetiniń

Qaraqalpaqstan hám Ózbekstan birinshiliklerinde milliy gúresten jeńimpaz hám sıylı orınlardı iyeledi. Lekin, sambo gúresi boyınsha ótkerilgen birinshiliklerde negedur áwmeti júre bermedi. Onıń da sebebi bar. Sebebi ol waqıtlarda awıllarda sambo gúresi usılların úyretkendey qánige joq edi. Awıllasları Baxıt Qutlımuratov penen Teńelbay Smetullaevlardıń oqıw pitkerip keliwinen keyin ğana awılda sambo gúresiniń epkini sezile basladı. Jiyenbay sambo gúresi sırların meńgergen waqıtlarında eliw jastıń átirapında edi. Sonlıqtan da ol gúrestiń bul túrinen aytarlıqtay nátiyje kórsetiwge ğarrılıq eter edi. Elimiz ğárezsizliginen keyin veteran sportshılarğa keń imkaniyatlar jaratılıp, sambo gúresi boyınsha jas waqtında árman bolıp, mine almağan Ózbekstan chempionatınıń piedestaliniń eń joqarğı bağanasına seksen jasında kóteriliw baxtına miyasar boldı.



Jiyenbay palwan milliy gúres boyınsha da veteranlar arasında joqarı nátiyjelerge eristi. 2005-jılı veteranlar arasındağı Ózbekstan chempionatında barlıq qarsılasların aldında diz búktirip, Jáhán chempionatı jollamasın qolğa kiritti. Ózbekstan saylandı komandası quramında Jáhán chempionatınıń da altın medalın jeńip alıwğa miyasar

bolsa, 2007-jılı ótkerilgen Jáhán chempionatında gúmis medaldı qolğa kiritiwge eristi.

## MILLIY GÚRESTEN SAMBOĞA

Baxıt Qutlımuratov Shomanay diyarında dúnyağa kelip, Ğani, Qarlıbay, Jiyenbay palwanlarğa eliklep ósti. Ajağası Turğanbay Jaqsımuratov toylarda múshe tislep gúres tutpağanı menen, milliy gúresimizdiń usılların jaqsı meńgergen edi. Ol jumıstan bos waqıtlarında inisi Baxıtqa mal qoranıń ishinde-aq gúres usılların jalıqpastan úyretip barar edi. Nátiyjede, awıl toylarında bala palwanlar arasında jeńisli qádemlerin ata basladı. Keyin ala



rayon hám Respublika birinshiliklerinde sıylı orınlardı iyeley basladı. Onıń bul qızığıwshılığı ata-anasınıń qaraqalpaq tili hám ádebiyatı qánigeligine oqıwğa tapsır degen tapsırmasına qaramastan, hújjetlerin Qaraqalpaq mámleketlik pedagogikalıq institutınıń Dene tárbiyası fakultetine tapsırttı. Awılda gúres penen shuğıllanıwğa onsha sharayat bolmağanlıqtan basqa abiturentler imtixanlarğa tayarlanıp júrgende, ol zaldan shıqpay A.I.Xegaydan erkin gúrestiń, Sh.A.Mustafaevtan sambo hám dzyudo gúresleriniń usılların úyrene basladı. Olar da Baxıttağı gúreske degen ıqlastı sezip, jeke islesiwge

jalıqpadı. Oqıwğa kiriwi menen Baxıttıń Respublika kólemindegi jeńisli júrislerine start berildi. Ol sambo, dzyudo hám milliy gúres boyınsha bir neshe Respublika birinshiliklerinde jeńimpazlıqtı qolğa kiritip, Qaraqalpaqstan saylandı komandası quramına qabıl etildi. Milliy gúres boyınsha 1976-jılı aprel ayında Nókis qalasında ótkerilgen Ózbekstan chempionatında sıylı úshinshi orındı iyelese, iyul ayında Xorezmde ótkerilgen jaslar arasındağı Ózbekstan birinshiliginde nátiyjesin bir bağana kóterip, chempionlıq piedestaldiń ekinshi bağanasına kóterildi. 1977-jılı Buxarada ótkerilgen «Buravestnik» dene tárbiya hám sport jámiyetiniń Ózbekstan birinshiliginde de sol nátiyjesin tákirarladı. Al 1978-jılı ótkerilgen «Buravestnik» dene tárbiya hám sport jámiyetiniń Ózbekstan birinshiliginde sambo, dzyudo hám milliy gúres boyınsha sıylı úshinshi orınlardı iylewge eristi.

Veteran palwanlar arasında 1993-jılı Nókis qalasında Ernazar Alakóz sıylığına ótkerilgen turnirde sıylı úshinshi orındı iylese, 1996-jılı Shomanay rayonında Ğani palwan Esbergenov sıylığına ótkerilgen turnirde jeńimpazlıqtı qolğa kiritti.

B.Qutlımuratov keyin de Qanlıkól, Xojeli hám Shomanay rayonı aymağındağı toylarda bas palwan sıpatında elge tanılıp úlgerdi. Ol Shomanay rayonında mektepte dene tárbiyası muğallimi, mektep direktorı, jas óspirimler sport mektebiniń trener-oqıtıwshısı, direktor orınbasarı, direktorı, rayonlıq xalıq bilimlendiriw bóliminiń baslığı bolıp islep, rayonda gúres túrleriniń rawajlanıwına óziniń

salmaqlı úlesin qostı. Házirgi waqıtta jas óspirimler sport mektebinde instruktor-metodist bolıp islep kelmekte.

## «TASHKENT AQSHAMİ»NDA KÓZGE TÚSKEN PALWAN

Teńelbay Smetullaev veteranlar arasında ótkerilgen Jáhán chempionatınıń jeńimpazı Jiyenbay palwan Qaljanovtan milliy gúres boyınsha tálim alıp, awıl toylarında biraz kózge taslanğanı menen salmağınıń jeńilligi bas palwan dárejesine jetiwge tosqınlıq jasay berdi. Sonlıqtan da ol Nókiske oqıwğa kelgennen keyin sambo gúresi menen shuğıllanıwdı maqul kórip, Sh.Mustafaevqa shákir tutındı hám sambo gúresi usılların jalıqpastan meńgere basladı.



T.Smetullaev tınımsız tayarlıqlar nátiyjesinde dáslep Nókis qalası sońın ala Qaraqalpaqstan birinshiliklerinde óz salmaq kategoriyasında milliy gúres boyınsha da, sambo gúresi boyınsha da jeńimpazlıqtı qolğa kiritip, Qaraqalpaqstan saylandı komandası quramına qabıl etildi. «Buravestnik» dene tárbiya hám sport jámiyetiniń Ózbekstan birinshiligine qatnasqan Teńelbay sambo hám milliy boyınsha finalist bolıwğa eristi. Sonday-aq Tashkent qalasında dástúriy túrde ótkerilip kelgen «Tashkent aqshamı» (Vecherniy-Tashkent) pútkilawqamlıq turnirde sambo gúresi boyınsha

gúmis medaldı jeńip alıwǧa miyasar boldı hám eki gúres túri boyınsha da sport ustası dárejesin orınladı.

## BELGILI SPORTSHİ JASLAR USTAZİ

Ǧaniy palwan Esbergenov, Qarlıbay palwan Qoshqarov hám Jáhán chempionı Jiyenbay Qaljanovlar at kótergen Shomanay diyarında dúnyaǧa kelgen Polat Tájimuratov jaslayınan gúreske qızıǧıp, toylarda gúres tutıp júrdi. Mektepti tabıslı tamamlap, Qaraqalpaq mámleketlik pedagogikalıq institutına oqıwǧa kirgennen keyin Sh.Mustafaevtıń basshılıǧında gúrestiń sambo túri menen de shuǧıllana basladı. Óz salmaq kategoriyasında bir qatar



Qaraqalpaqstan birinshiliklerinde jeńisli orınlardı iyelep, respublika saylandı komandası quramına qabıl etildi. Milliy gúres boyınsha 1974-jılı Tashkent qalasında ótkerilgen «Buravestnik» dene tárbiya hám sport jámiyetiniń Ózbekstan birinshiliginde sıylı 3-orındı iyelese, 1977-jılı Nókis qalasında ótkerilgen Ózbekistan chempionatında altın medal iyesine aylandı. Sonday-aq sol jılı Samarqand qalasında ótkerilgen «Buravestnik» dene tárbiya hám sport jámiyetiniń Ózbekistan birinshiliginde sambo gúresi boyınsha sıylı 3-orındı jeńip alıwǧa miyasar boldı.

Joqarı oqıw ornın tamamlağannan keyin de toy palwanı, belgili sportshı, jaslar ustazı sıpatında xalıqqa tanıldı hám 1981-jılğa shekem Shomanay rayonındağı jas óspirimler sport mektebinde jaslarğa gúres sırların úyretip, ustazlıq etti. 1981-jıldan rayondağı 7-sanlı mektepte dene táriyası muğallimi bolıp islep kelmekte.

## AWİLDAN JÁHÁN ARENASİNA SHEKEM

Waqtında oray qánigeleriniń qısımınan jáhán arenasına shığa almağan veteran sportshılarımız ğárezsizlik sharapatı menen Aziya hám Jáhán chempionatlarına qatnasıp, óz imkaniyatların sınaw múmkinshiligine iye boldı. Usınday, aldın Moskvanıń arjağına ótip kórmegen sportshılardıń biri Nazarbay Atabaev ta ğárezsizliktiń sharapatı menen sambo gúresi boyınsha veteran sport sheberleri arasındağı Jáhán chempionatına qatnasıp, jáhánge tanılıw baxtına miyasar boldı...

N.Atabaev Shomanay diyarında dunyağa kelip, úsh jasarında ákesi Atabay álemnen ótti. Ol, hátteki, óz ákesiniń túrin de esley almaydı. Anası Náziypa Baqıy qızı óziniń ğaybarlığı menen jetim ballardı heshkimnen kem qılmay tárbiyaladı.

N.Atabaev jaslayınan qońıratlı Dáwletalı, Oraz, qanlıkólli Jantóre, Jaqsıbay, Orazalı, Karamatdin, Erejep, Jumabay (Jolbarıs palwan), shomanaylı Ğani, Qarlıbay, Jiyenbay, xojelishi Satıpaldı hám Xalmurat palwanlardıń toylardağı gúreslerine eliklep ósti. Úlken ajağası Ońalbaydıń jumıs jağdayına bola

olar Qanlıkól rayonınıń «Altınkól» xojalığına kóship keldi.

Nazarbay ushın Qanlıkól rayonına kóship keliwi sambo boyınsha Qaraqalpaqstannıń tuńğısh saylandı komandasınıń ağzası Muxan Qurbanbaev penen tanısıwına sebep boldı. Bul onıń ázeliy gúreske degen ıqlasınıń ele de artıp túsiwine sebep boldı. Ol waqıtlarda awıllıq orınlarda sport zal bolmağanlıqtan, awılda toy bolağoysa, átirapına saban tósep, ortasına tomar qalanğan toy qurları kóp waqıtqa shekem awıl balalarına gúres zalı xızmetin atqarıp, biri-birinen gúres sırların úyrenip, tájiriybesin arttırıp barar edi. Hátteki, úlken palwanlarğa shekem sol gúreslerdi tamashalap, óz bilgenlerin jaslarğa úyretip baradı.



Ol áskeriy xızmette júrip, sambo boyınsha burınğı Awqam sport ustası, ázerbayjanlı Ánwar Iskenderov penen keshki waqıtları Simferopol qalasındağı sport klubtıń sambo sekciyasına qatnay basladı. Ázeliy milliy gúres, belbewli gúres, qazaq hám túrkmen gúresleriniń usılları menen jaqınnan tanıs Nazarbay ushın sambo gúresiniń sırların da meńgeriw onsha qıyınğa túspedi. Qaytama, bul gúres Nazarbayğa júdá qol keldi. Sebebi, toylardağıday ózińnen eki ese

awır palwanlarğa túse bermey, tek ğana óz salmağıńdağılar menen bellesesen. Tórt ay ishinde-aq dáslep rota, áskeriy bólim birinshiliklerinde jeńimpazlıqtı qolğa kirgizse, keyin ala gornizon birinshiliginde sıylı orındı iyelewge miyasar bolıp, komandirleriniń názerine tústi. Komandirleri tárepinen úlken isenim bildirilip, Nazarbaydıń sambo menen tereńirek shuğıllanıwına imkaniyat jaratılıp berildi. Ol bul isenimdi Simferopol qalasınıń birinshiliginde, Kishinevta ótkerilgen diviziya hám Odessada ótkerilgen okrug birinshiliginde jeńimpazlıqtı qolğa kirgiziw menen aqladı. Nazarbayğa bul kórsetken nátiyjesi ushın sambo gúresi boyınsha Awqam sport ustalığına talaban dárejesi berildi. Áskeriy xızmetin ótep qaytqan Nazarbay Qaraqalpaq mámleketlik pedogikalıq instututınıń Dene tárbiyası fakultetine oqıwğa túsip, Xajıbay Narxanov basshılığında shapanlı gúres túrleri menen shuğıllanıwın dawam ettirdi. Qaraqalpaqstan saylandı komandası quramına qabıllanğannan keyin Shorabek Mustafaev penen de islesip, sambo gúresi sırların ele de tereńnen meńgerdi hám eki márte studentler arasındağı «Burevestnik» dene tárbiya hám sport jámiyetiniń Ózbekstan birinshiliginde jeńimpazlıqtı qolğa kirgizse, 1973-jılı qarshı qalasında ótkerilgen Ózbekstan awıl jaslarınıń spartakiadasınıń chempionı bolıp, Ózbekstan saylandı komandası quramına qabıl etildi. «Dinamo» dene tárbiya hám sport jámiyetiniń Moskvada bolıp ótken Awqam birinshiliginde sıylı 3-

orındı iyelep, sambo gúresi boyınsha Awqam sport ustası dárejesin orınladı.

Nazarbay milliy gúres boyınsha da bir qatar tabıslardı qolğa kirzizdi. 1971-72-jılları Qaraqalpaqstan chempionatında jeńimpaz bolıp, respublika saylandı komandasına qabıl etildi. 1973-jılı Ózbekstan birinshiliginde chempionlıq piedestaldıń eń joqarğı bağanasına kóterilip, milliy gúres boyınsha Ózbekstan sport ustalığına talaban dárejesin orınlasa, 1974-jılı Sapalaq palwan sawğası ushın ótkerilgen xalıq aralıq turnirde altın medal iyesine aylanıp, milliy gúres boyınsha Ózbekstan sport ustası dárejesi berildi.



Elimiz ğárezsizliginen keyin Jurtbasshımız tárepinen veteranlar sportın rawajlandırıwğa da ayrıqsha itibar qaratılıp, veteran sportshılar arasında jarıslar shólkemlestirile basladı.

Nazarbay Atabaev sambo boyınsha 2007-jılı Tashkent qalasında, 2008-jılı Qarshı qalasında

ótkerilgen veteran sport ustaları arasındağı Ózbekstan chempionatlarında jeńimpazlıqtı iyelep, Belarussiyada ótkerilgen sambo boyınsha veteranlar arasındagı Jáhán chempionatı jollamasın qolğa kirgizdi hám bul itibarlı bellesiwde dúnyanıń kóplegen elleriniń palwanları arasında qola medal iyesine aylanıw baxtına miyasar boldı. Aldın pútkil awqamğa tanılğan ustaz palwan ğárezsizliktiń sharapatı menen pútkil Jáhánge tanıldı.

N.Atabaev Qanlıkól rayonlıq Xalıq bilimlendiriw bóliminde kóp jıllar jemisli miynet etti. Sonday-aq, rayonlıq sport komitetiniń baslığı, jas óspirimler sport mektebiniń direktorı lawazımlarında islep, rayonda sport tarawınıń rawajlanıwına óziniń salmaqlı úlesin qosıp, 2010-jılı húrmetli dem alısqa shıqtı. Ol dem alısqa shıqqanı menen ğarrılıqtı moyınlay qoymadı. Sport zaldan alıslap ketkisi kelmey, úy ğalma-ğalınan bos waqıtlarında jaslarğa gúres sırların úyretiw menen qatar, ózi de shuğıllanıp kelmekte. Bul pikirimizge 2012-jılı sambo gúresi boyınsha Ándijanda, 2015 hám 2016-jılları Nókis qalasında ótkerilgen veteranlar arasındağı Ózbekstan chempionatlarındağı altın medallardı jeńip alıwı tiyek bola aladı.

# PAYDALANİLĞAN ÁDEBIYATLAR

1.Á.Qayıpov, D.Karimov, A.Yusupov «Qaraqalpaqstanda sambo gúresiniń qáliplesiwi hám rawajlanıwı». Nókis - 2017

2.A.Yusupov, N.Qaipov, B.Tlewov «Jáhán chempionı - belgili jaslar ustazı». Nókis - 2018

3.G.Utepbergenov, Á.Qayıpov «Palwanlardıń ardaqlı ustazı» Nókis - 2019

4.Á.Qayıpov, P.Nasırov «Jáhánge tanılğan palwanlar ustazı» Nókis - 2019

5.A.Bekmurzaev, J.Qaipov «Palwanlar jurtına ustazlıq etken jáhán chempionı» Nókis - 2019

# MAZMUNİ

SAMBO GÚRESINIŃ RAWAJLANİWİNDA SHOMANAYLİ PALWANLARDİŃ TUTQAN ORNİ. ............................................3
KIRISIW. ........................................................................................3
SAMBO GÚRESINIŃ RAWAJLANİW TARIYXİ. ..........................8
SHOMANAYLİ SAMBO SHEBERLERI. ....................................12
69 JASAR JÁHÁN CHEMPIONİ. …..........................................12
MILLIY GÚRESTEN SAMBOĞA . ............................................14
«TASHKENT AQSHAMİ»NDA KÓZGE
TÚSKEN PALWAN. .........................................................16
BELGILI SPORTSHİ JASLAR USTAZİ. ....................................17
AWİLDAN JÁHÁN ARENASİNA SHEKEM. ..............................18
MAZMUNİ. …………………….................................................23

Xojabay KUNIYAZOV, Ábdiqadir QAYİPOV

# SAMBO GÚRESINIŃ RAWAJLANİWİNDA SHOMANAYLİ PALWANLARDİŃ TUTQAN ORNİ


| | |
|---|---|
| Bas redaktorı | Q.M.Qoshanov |
| Tex. redaktorı | X.K.Shamuratova |
| Korrektor | A.Sarıbaeva |
| Operatorı | N.Nısanbaev |

Original-maketten basıwğa ruxsat etilgen waqtı 29.01.2020.
Qağaz formatı 60x84 $^{1}/_{16}$. Ofset usılında basıldı.
Kólemi 1,5 b/t. Jámi 50 nusqada. Bahası shártnama boyınsha.
Buyırtpa 00131

Licenziya 11-3084

Ájiniyaz atındağı NMPI tipografiyasında basıldı.
230100,
Nókis qalası, Bilimler gúzarı, 20-jay.